

HUPENYU HWANGU HWASANDURWA NE CULTURE ACTIONS



Hupenyu hwangu hwakanga hwakaoma zvikuru. Murume wangu aindirova nekundipopotera uye hama dzake dzese dzaindishusha dzichida kuti ndidzokere kumusha, kuti murume wangu aroore mudzimai wavaifarira muruzevha mavo.

Mazuva angu ose aingotanga zvakafanana. Mangwanani, ndapedza basa repamusha ndaitora mwana wangu toswera tiri kumunda.



Hapana aikurudzirawo mabasa andaiita. Zuva rodoka ndaidzoka kumba ndakamirirwa navamwene vangu.



Ndisati ndazorora ndaibva ndatanga kubikira mhuri yese.

Urikuswera wakagara zvakokumunda. Ndinozviziva.



This material is published as part of Culture Fund of Zimbabwe Trust's Creative Knowledge Toolkit to raise awareness on the nexus between gender-based violence, child marriages and climate change. Culture Fund received support from the Swedish Government through the Swedish International Development Cooperation (Sida).

The comic book is inspired by a number of stories collected from CultureACTIONs project partners. Names used and resultant storyline are fictitious and have been developed for awareness raising and discussion purposes only. Similarity of any names to reality is coincidental. The contents of the book do not necessarily reflect the views of Culture Fund and Sida.

© Culture Fund of Zimbabwe Trust 2019

Mumwe musi ndirikumunda pakuya mubatsiri we CultureACTIONs akandiudza nezve chirongwa che CultureACTIONs.



Pakutanga ndakatadza kuziva kuti sei vaida kundibatsira. Ndaingofunga kuti hapana anebasa nekutambura kwangu.



Vakanditsanangurira nezveGBV, kodzero dzevakadzi nevanasikana, kuroodza vana vachiri vadiki uyezve nekusanduka kwemwaka yegore nemamiriro ekunze.



Pavakaenda ndakasara ndichiverenga zvavakandisa. Ndakange ndine mibvunzo yakawanda.



Ava masikati ndakasiya ndima kuti ndichitanga kutsvaga huni dzekushandisha kumusha. Muruzevha medu vanhu vanotema miti kuti vawane huni asi hapana anodyara miti saka mazuva ano huni dzava kunetsa kuwana, unotofamba makiromita kana matatu kuti uwane dzinokwana.



Zuva ravakudoka ndakadzokera kumba nemwana wangu. Ndakasvika vamwene vangu vachiseka nemukadzi uya wavaida kuti aroorwe nemurume wangu.



Vakanga vatozvibikira vakadya vega.



Pandaibika ndaifunga zvandanga ndaturirwa neMubatsiri weChirongwa
cheCultureActions. Ndakabva ndanzwa murume wangu achitaura nehamza dzake panze.



MUSI WECHITATU



Saka ndakabvunzo mibvunzo yakawanda.



Ndakafara zvikuru nezvandaizidza. Vabatsiri veCultureActions vakafarawo nechido chandairatidza vakanditurira nezve makirabhu ne mibatanidza yevanhukadzi inosangana munharaunda yedu. Vanosangana vachiita zvakasiyana siyana zvekuvbatsira nazvo kuti vasumudzire hupenyu hwavo.



NEKUFAMBA KWENGUVA



KUWANA RUREMEKEDZO



KURWADZIWA MUMOYO

Muhupenyu hwandairarama ndaifunga ndaiitwa kuti ndifunge kuti mafungiro angu haana maturo, ndaibatwa senhapwa, ndaionekwa semunhu asina kodzero yekuitawo hupenyu hwakanaka. Ndainyara nekuti ndaive ndisina chimiro chakanaka pane vamwe.



KUSIMBA MUMOYO

Asi mazuva ano ndava kukwanisa kuzvimirira ndega nekutaura zviripamoyo wangu ndisinganyare kana kutya. Mazuva apfuura aya ndakatotaura pamusangano pamberi pevanhu vazhinji. Ndavakuziva kodzero nesimba rangu.

Vanhukadzi tinemvumo yekuzvifungira.



KUTANGA KUBATSIRAWO VAMWE

Chirongwa chandipa simba nechido chekubatsirawo vamwe vanhukadzi varikutambura nezvainditambudza kare. Semunhu akamborarama hupenyu hwekushungurudzika, ndinonzwisia zvichemo zvavo nekuwomerwa kwavanoita.

Uri kuchemeiko nhai shamwari? Vabatsiri veCultureACTIONs, vanogona kukupanga mazano panyaya dzekushungurudzwa kawauri kuitwa uye vanoshanda nemamwe mapoka akasiyanu siyana anokwanisawo kukubatsira.



Saka vabatsiri ava vakasununguka kubatsira munhu chero upi zvake here havazofambi nenyyaya yangu nharaunda yese ikaswera yondiseka?

Kwete nyaya yako inochengetedzeka zvakanaka. Vabatsiri ava vanoshandawo nemasabhuku uye vana mambo vanogona kukubatsira kusvitsa nyaya yako kudare kana kuzvikwidza kumusoro kumutemo chaiko kune veVFU.

Parizvino ndava nevanhu 24 vapinda muchirongwa chedu vandirkubatsira sezvo ndava Mubatsiri Wechirongwa che CultureACTIONs.



Ndinokuchingamidzai kumusangano wedu wanhasi. Inzwai kusununguka. Ndino fara kuti vanhu vazhinji vave kuuya kumisangano ino.

Ndichatokokawo mukoma wangu handifungi kuti vanoziva kuti pane misangano yakadai inoitwa munharaundera muno.

Vazhinji munharaundera vavekuziva nezvechirongwa cheCultureActions.

Ndingangoda kuti murume wangu nehama dzake dzinzewo nezveCultureACTIONs pamwe mungabatsira kushandura mafungiro avo.

Tinogona kusvika neshoko kumurume wenyu nehama dzake asi tisingataure kuti matikumbira kuti titaire navo.

Musikana uyu aingoswera ega pamusha achiita basa repamba semuroora. Kese kaida kuitwa pamusha ndiye aiita.



Pamusana pekusanduka kwemamiriro ekunze nekupinduka kwemwaka yegore, miti yehuni nemvura yemumatsime yavakushomeka, nekudaro aifamba kure nekure achitsvaga huni nemwura yekushandisa pamusha.



KUBATWA CHIBHARO

Tsime raive pedyo nepamusha pavo rakanga risisina mvura. Mukufamba achitsvaga mvura akange asingazine kuti paive nemurume aimutevera kubva kunharaundera kwavo. Paakanga avakure nemisha murume uyu akabva amubata chibharo.



Anodzoka kumusha kamwe chete pagore, pakisimus. Zvaanoita gore rese ikoko hapana anoziva, kana achiona vamwe vakadzi; hazvivikanwe, asi paanodzoka haadi kuita bonde rakachengetedzeka nemukadzi wake. Anoti handingaiti bonde rakachengetedzeka nemukadzi wandakabvisira pfuma.

Paakasvika kumba haana waakataurira kuti akanga abatwa chibharo nekuti aitya kuti azonzi arikunyepa uye kuti akanga awirirana nemurume akamubata chibharo kuti vaite bonde.



KUWANA RUBATSIRO

Rave ramangwana vamwene vake vakaenda kumusika kunotenga zvinhu zvepamusha. Kumusika uku ndiko kwavakasangana neMubatsiri weCultureACTIONs akakurukura navo nezvechirongwa cheCultureACTIONs.



Ndakavatsanangurira nezvemhirizhonga mudzimba nemuhupenyu; kushushwa nekushaiswa kodzero kwevanhukadzi nevanasikana; nezvikonzero zvinoita kuti vanhu varoodze vana vavo vachiri vadiki.



Mhirizhonga mudzimba inowanikwa pakati pevanodanana kana kuti mune humwe hukama sekuti pavanthurume kana vanhukadzi pachavo. Kunetsana kwavamwene nemuroora imhando yemhirizhonga. Mhirizhonga inowanika kana mumabasa. Zvihinji mumagariro edu zvirikupiwa sezikonzero zvekuti vana varoodzwe. Zvitendero, mhirizhonga pakati pevanodanana irikuita kuti vana vatize vachonoroorwa. Goho rikasabuda zvakanaka vamwe vanofunga kuroordza vana vavo kune avo vanenge vane hupfumi kana goho rakanaka.

Vakatanga kuona kuti kusanduka kwemamiriro ekunze nemwaka yegore kuri kuita kuti vanhu vese vatambure pasi pano asi vanhukadzi nevanasikana vekunyika dzisati dzaburira vanotambura zvakanyanya.



KUMUSANGANO WECULTURE ACTIONS

Tinokuchingamidzai mese kumusangano wanhasi, ndinofara kuti nhasi tine vaya kumusangano kekutanga kuti tipakurirane navo nezveChirongwa cheCultureACTIONs. Nhasi tichakururkura nezvemhando dzakasiyana siyana dzemhirizhonga.



Svondo raitevera madzimai nevanasikana vakaungana kumusangano we CultureACTIONs waiitwa pachikoro chiri pedyo navo.

Mhando dzemhirizhonga dzinoti kushungurudza panyama, mupfungwa kana kunyimwa mari kana kurambidzwa kuita mabasa anokupa mari. Sevanhukadzi tinogona kushungurudzana pachedu, iyi imhando yemhirizhonga zvekare.

Vakagara pasi neMubatsiri weChirongwa vachibunza mibvunzo nezvekuzyibatsira muhupenyu. Mukutura navo Mubatsiri akanzwisia magariro avo nehupenyu hwemuroora uye nemurume wake. Akavataurira nezverubatsiro rwepachena rwunowanikwa pedyo navo.

Maita zvakanaka nekuuyawo kuzoungana nemamwe madzimai nevamwe vemunharaunda, uye ndinokutenda nekuburitsa pachena zvirikunketsai kazhinji vanhu vanonyarara matambudziko avo zvinozoita kuti vashaye kubatsirikana. Muroora isu tinoshanda nemapazi akasiyana siyana kana uchida kuziva nezvenzira dzekuzvidzivirira kubva mukubatira zvirwere zvepabonde unokwanisa kuvana rubatsiro kubva kuneve PSI kana kuti kuenda ku One stop center.



Saka kana ndichida kuzvidzivirira kubva muku batira zvirwere zvepabonde ndinoita sei?

Sununguka kubvunza zvese muroora ubatsirike.

KUBURITSA CHOKWADI

Mukunzwa zvaitaurwa neMubatsiri Rudo akabva awana simba rekutaura zvimwe zvaimunetsa pamoyo.

Ndanga ndichishaya kuti ndinokutaurai sei. Ndakabatwa chibharo svondo rakapera.



Vamwene vakashamisika zvikuru kunzwa kuti muroora wavo akanga abatwa chibharo painge achiita mabasa ake emazuva ose.

Kubatwa chibharo kwandakaitwa kuri kundishungurudza zvikuru, ndirikushaya kuti ndoita sei pamusoro penyaya iyi.



Maiwee baba vangu kanhi, muroora inga wakatakura kurema, chokwadi ndiregerere muroora wangu handina kuziva kuti wakatakura kurema zvakadai.

Semubatsiri wechirongwa ndakabva ndaita kuti muroora akanga abatwa chibharo atariswe kuchipatara uye kuti awane rumwe rubatsiro rwekupangwa mazano uye kumhangara nyaya iyi kumapurisa kuOne stop center

Maita zvakanaka nekuuya kuzotaura nyaya yenu. Vanhu vazhinji vanoshaiwa rubatsiro nekuda kwekutya kumhangara uye kushaya ruzivo rwekwavangawane rubatsiro. Tinokurudzira kuti munhu amhan'are nyaya dzekubatwa chibharo humboo hwekuti abatwa huchiripo uye izvi zvinoita kuti ukasike kuwana rubatsiro rwakaita sepost exposure prohpylaxis kuedza kudzivirira hutachiwana hweHIV.

KUWANA SIMBA NEKODZERO YAKE

Parizvino Rudo avekuuya kumisangano yakasiyana siyana yekuzibatsira muhupenyu, kuchengetedza utano hwake, nekuiva kodzero dzake.



Uyezve avekuenda kunodzidza muzvikwata zvevasina kупедзиса chikoro.



Rudo akagara zvake akabata bhuku, mupfungwa make aizviona avakushanda basa guru ari muhofisi yakanaka.



Haachaty a kudzoka kwemurume wake kunokwanisa kumuunzira zvirwere. Hupenyu hwavo hwavakufadza.



Titambireka nhai baba, mauuya. Mafamba zvakanaka here ? Kwanga kuri sei Joni? Yuwii yuwiii mazvita Shumba mapasuru edu ese here aya?

MUNDA WEVANHU VESE

CultureACTIONs irikubatanidza munhu wese, madzimai, vanasikana, vakomana, varume. Sabhuku vedu iye zvino vakananga chirongwa chemunda wemunhu wese (community/communal garden) nerubatsiro rweruzivo rwatakupuhwa.



Tinosangana kumagarden tichikurukura nekupangana mazano munaya dzenharaunda uye mumagariro.



Svondo rino ndiri kutengesa mukohwo wangu wekutanga wemadomas



KUDYARA MITI

Takapihwa miti yekuti tidyare kumunda wedu kuti tiwane huni nemuvuri mune ramangwana. Takadyara twuminda twemichero. Kudzimba dzedu takadyarawo miti panzvimbo dzatinorasa mvura yekugeza nekusuka ndiro. Takadyarawo michero mumunda umu.



HUPENYU HWANGU HWASANDURWA NECULTUREACTIONs

Mazuva ano hupenyu hwangu hwavakufadza. Mwana wangu arikuenda kuchikoro, murume wangu avakundiremekedzawo uye haachaona mukadzi uye wemunharaunda medu, vamwene vangu varikuwaro kuti basa rangu ririkuunzawo mari pamusha wedu. Ini ndaakuzyimiririra kuburikidza nesarudzo dzandinoita. Muzvikwata zvemadzimai edu tiri kuita chirongwa chekucherera **chibhorani** kuti tisashupika kuwana mvura yekushandisa pamisha yedu.



Ndinokukurudzirai vanhukadzi nevanasikana vanoverenga bhuku rino kuti mutarise nekunzwisa nyaya dzatatura idzi moona kuti imimi kana munhu wamunoziva anokwanisa kubatsirkana nekuuya kuchirongwa chedu cheCulture ACTIONs kuitira kuti tisimudzire magariro edu nemhuri dzedu. Regai kutambura muri mega, uyayi tiise misoro pamwechete, tizvibatsire nesimba redu.



Story, Dialogue and Characters based on Most Significant Change Stories submitted by Culture Actions Implementing Partners in Mazowe, Makoni and Chipinge and developed by Andrew Mwanza Zankanani and the CultureACTIONs Team.

Cover and inside illustrations, design and layout: Andrew Mwanza Zankanani.

KUMWE KWEKUWANA RUBATSIRO

1. Kumapurisa (Police)- kupa mutongo kuvarapi vemhosva.
 2. Kumatare (Courts)- chirongwa chekuchenetedza.
 3. Vanopa verubatsiro rwemutemo pachena (Legal Aid Services) - JCT, WLSA and ZWLA ne Legal Aid Directorate
 4. Mapazi ehirumende nema NGO anobatsira nemanzwiro mupfungwa evanhu (psycho-social support)
- Ministry of Women Affairs, Gender and Community Development and Childline for psychosocial support; including counselling and placement into places of safety
 - Ministry of Health and Child Care (Clinics and Hospitals in your area) including Family Support Trust (FST) for medical assistance. In case of sexual abuse, help should be sought within 72 hours for HIV testing, post exposure prophylaxis (PEP) and emergency contraceptive.
 - The Department of Child Welfare and Probation Services (for a child needing support such as placement into safety, reintegration, rehabilitation and referral to a suitable partner operating in your area).

This material is published as part of Culture Fund of Zimbabwe. Resultant of the renewed development partnership between the Culture Fund and the Embassy of Sweden in Harare, CultureACTIONs was launched in 2017 with the aim to reduce Gender-based violence, child marriages and foster environmental sustainability in the face of climate change. It especially targets girls and young women. Culture-based arguments and societal norms that disempower girls and young women are being debunked through a Creative Knowledge Toolkit and used in advocacy and awareness campaigns to mitigate the social ills in the three districts of Mazowe, Makoni and Chipinge.

© Culture Fund of Zimbabwe Trust; 51 Harvey Brown Road, Milton Park, Harare, Zimbabwe; P.O.Box A762, Avondale, Harare, Zimbabwe, Tel +263 4 794211/ 794617/ 794530 www.culturefund.org.zw



Changing The Lives of Ordinary Zimbabweans Since 2007

In partnership with:



Implementation Partners

